

Igihe umuvyeyi arwaye

Nimba umwe mu bavzeyi bawe arwaye indwara ikomeye, uyu mwimenyerezo uragufasha kumenya ukuntu womwitwararika n'ukuntu wokwitwararika amagara yawe!

1 NIWITWARARIKE UMUVYEYI WAWE

Arwaye indwara iyihe?

Ni ibiki iyo ndwara ituma adashobora gukora?



Ni ibiki womufasha, nimba bihari?



IVYO ADASHOBOYE

UKUNTU WOMUFASHA

Shira akamenyetso ku dukorwa two muhira womufasha



Wokora iki kugira umuyeyi wawe yumve aruhuriwe mu mutima?

.....

.....

.....



'Nugire impuhwe.'
 (1 Petero 3:8) Nugerageze gutahura uko uwo muvuyeyi yiyumva kubera icyo ndwara. Nk'akarorero, umwigeme yitwa Ellen avugaga ati: "Mu myaka mikeya iheze, narashikiwe n'ibintu bitari bike vy'intibagirwa mu buzima, ariko mama ntiyashoboye kunshigikira. *Naho icyo kintu cambabaje, ndazi ko mama camubabaje kuruta.*"



2 NIWITWARARIKE AMAGARA Yawe

“Hariho imisi namaze mu bitaro n’imisi namaze ndi jenyene i muhira. Igihe mama yatora mite-nde maze agataha, imiti yafata yaramubabaza cane kandi vyaragira ingaruka ku nyifato yiwe. Kumwitwararika mu vy’umubiri no mu vyo akeneye ku mutima cari igikorwa kitoroshe.”—Gregory.



Ingorane ikomeye kuruta izindi wewe ugira iyo uriko uritwararika umuvyeyi wawe ni iyihe?

Ushobora gute kwitwararika
amagara yawe?

IVYO NOKORA:

IVYO NOKWIRINDA:

Ushobora gute kwitwararika
ivyo ukeneye ku mutima?

IVYO NOKORA:

IVYO NOKWIRINDA:



Ushobora gute kwitwararika
ivyo ukeneye mu vy’Imana?

IVYO NOKORA:

IVYO NOKWIRINDA:

IVYOGUFASHA

Bibiliya ivuga iti: “Umugenzi nyakuri akundana igihe cose, kandi ni uwo muvukana yavukiye kuhaseruka mu gihe c’amarushwa.” (Imigani 17:17) Niwandike aha muni abantu babiri ushobora kwitura ngo bagufashe igihe bikenewe.



Bibiliya ivuga iti: “Terera umuzigo wawe kuri Yehova ubwiwe, na we ubwiwe azogushigikira. Ntazokwigera yemera ko umugororotsi anyiganyiga.” (Zaburi 55:22) Wisunze iyo mpanuro, ni ibiki ubona ko ukeneye gushira mw’isengesho?



Icofasha

Niwandike ahantu ivyanditswe vyogufasha. Ellen, umwe twavugaga, agira ati: “Umusi umwe narasomye muri Yesaya 46:4, ahavugaga ngo: ‘Gushika no mu busaza bwanyu, ndi wa wundi nyene; kandi gushika mugize imvi ku mutwe, jewe nzoguma ndabashigikiye. Jewe nzogira ico nkoze koko, kugira jewe ndabaterure, no kugira jewe ndabashigikire nongere ndabarokore.’ Uwo murongo uranyibutsa ko ntari jenyene canke mama ngo abe wenyene. Yehova azodufasha mu kintu cose codushikira.”

